

Pwoteje Tèt Ou ak Lòt Moun kont MPV a



Pa fè sèks epi pa gen lòt kontak entim si ou menm oswa patnè ou yo gen bouton oswa maleng ki fenk parèt, nou santi nou malad, oswa nou te ekspoze ak varyòl makak la (monkeypox, MPV) dènyèman. Mande patnè ou yo si yo gen sentòm MPV yo epi poze yo kesyon sou antesedan seksyèl resan yo.



Lave men ou, dra ou, sèvyèt ou ak lòt bagay ou menm ak lòt moun itilize souvan. Ou ta dwe lave jwèt sèks yo chak fwa ou fin itilize yo.



Pran vaksen an si w te ekspoze ak MPV a oswa si gen posibilite pou w ekspoze alavni. Tout moun ta dwe pran de (2) dòz. Pou jwenn yon kote k ap bay vaksen, ale sou [nyc.gov/vaccinefinder](https://www.nyc.gov/vaccinefinder). Sit minisipalite a ap jere yo aksepte moun san randevou.



Pale ak pwofesyonèl swen sante w la sou tès, jesyon doule oswa tretman si ou gen sentòm MPV a. Si ou pa gen yon pwofesyonèl swen sante, rele **311** pou yo mete ou an kontak ak laswenyay.

Pou w jwenn plis enfòmasyon, ale sou [nyc.gov/mpv](https://www.nyc.gov/mpv) oswa eskane kòd QR la. Voye tèks “MONKEYPOX” nan 692-692 pou w resevwa alèt yo.

